



Lanmò pap janm ekziste tou nan wayòm sa. Pèp Bondye-a pral viv avè-L pou tout tan. Pap gen chagren, ni lapenn, ni maladi, ni separasyon, ni anteman. Tout moun nan wayòm sa ap toujou gen kè kontan.




19

Sa ki pi bèl toujou, sè ke wayòm Bondye-a pou tout fi ak gason, granmoun kou timoun ki te fè chwa pou yo aksepte Jezi kòm senyè e sovè pèsone l yo e ki te obeyi Li. Bondye gen yon liv nan syèl la ki rele liv lavi Mouton Bondye-a.



20

Liv sa plen ak lis non moun. Eske ou konnen kilès non moun ki ekri nan liv sa? se non tout moun ki te aksepte kwè nan Jezi-Kri. Eske non pa ou ekri nan liv sa tou?




21

Dènye chapit nan Labib-la, se yon bèl envitasyon Bondye fè nou, pou nou ta chwazi mache avè-L.



22

Syèl la,
Bèl wayòm
Bondye-a



Bondye di konsa : "Mwen se kòmansman e mwen se finisman. Tande vwa mwen kap rele-w, vin jwenn Mwen. Si yon moun swaf, map ba li bwè gratis nan sous dlo ki bay lavi-a."



23

Syèl la, Bèl wayòm Bondye-a
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Jan 14, 2 Korentyen 5,
Revelasyon 4, 21, 22

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

Èkri pa Edward Hughes
Ilistré pa Lazarus

Tradwi pa Christine Pierre-Lhermite
Adapté pa Sarah S.

Istwa 60 nan 60

M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché.
Pinisyon pou péché sé lanmò.

Sèlman, Bondyé renmen nou si tèlman, ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa, Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Kounyé-a Bondyé ka padonnen péché nou yo.

Ou men-m tou, si ou vlé viré do-w bay péché, rémèt Bondyé lavi-w, résité priyé sa : "Bondyé l'Étènèl, mwen kwè ké Jézi té mouri pou mwen, épi Li résisité ankò. Tanpri, antré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou-m sa gen yon nouvo lavi, pou-m sa toujou maché avè-w pou tout tan. Édé-m viv pou ou, an tan ké pitit ou. Amèn". Jan 3 : 16.

Li LaBib ou épi palé ak Bondyé chak jou !

kréyol Ayisyen

Haitian Creole

Lè Jezi te sou tè-a, Li pale disp Li yo o sijè de syèl la. Li rele syèl la "wayòm Papa-m" e Li di yo ke gen anpil kay nan wayòm nan. Syèl la pi gran e li pi bèl pase nenpòt ki peyi sou tè-a.



1

Jezi di konsa "mwen pral prepare yon plas pou nou. Kidonk, si mwen pral prepare yon plas pou nou, sa vle di ke mwen pral retounen vin chache nou pèsone lman pou mwen mennen nou nan kote sa".



2

Jezi monte nan syèl la apre ke Li te fin resisite. Pandan disip Li yo tap gade, Jezi leve anlè e yon nyaj kouvri Li.




3

Depi lè sa, tout kreyen ap viv ak pwomès Jezi te fè-a, ke Lap retounen vin chache nou. Jezi di ke Lap vini pa sipriz, nan moman pèsonn plis pa atann Li. Sèlman atò, ki sa kap rive kreyen ki gentan mouri anvan jou sa ? Labib di ke yo pral dirèkteman nan syèl la ak Jezi.



4

Liv Revelasyon an ki se dènye liv nan Bib la, esplike nou kijan wayòm Bondye-a espesyal. Sa ki pi mèveye au sijè de syèl la, sè ke li se wayòm Bondye. Bondye tout kote, men sèlman, twòn Li se nan syèl la li ye.



5

Zanj yo ak tout lòt abitan syèl la toujou ap chante lwanj pou Bondye nan syèl la. Tout pitit Bondye ki monte nan syèl la deja, yo toujou ap chante lwanj espesyal pou Bondye.



6

Men kèk pawòl nan lwanj yap chante yo: "WI OU MÉRITÉ TOUT GLWA, POUTÈT OU TE RACHTE LÒM AK SAN OU POU L'ETÈNEL, ..."



7

... MOUN TOUT RAS AK TOUT NASYON, TOUT KALITE LANG, TOUT PÈP AK TOUT PEVI, OU OFRI NOU BAY BONDYE, ...




8

... OU FÈ NOU TOUNEN SITWAYEN YON SÈL NASYON KI SE WAYÒM BONDYE-A E OU FÈ ANPIL LADAN YO TOUNEN PREDIKATÈ POU SÈVI L'ETÈNEL". (Rev 5:9)




9

Dènye chapit nan Bib la dekri Paradi-a yon fason espesyal e li di ke Paradi-a se yon peyi ki sen e ki rele "Nouvèl Jerizalèm". Wayòm Bondye sa gwo anpil e li antoure toupatou ak yon miray men wotè ki fèt ak yon roch ki presye anpil e ki klere tankou Kristal.



10

Fondasyon miray sa kouvri ak tout kalite pyè presye tout koulè tankou sa yo fè bijou yo. Wayòm sa-a gen douz pòt e chak pòt sa yo fèt ak yon gwo grenn pèl presye !




11

Bèl pòt sa yo ki gen tout kò yo fèt ak pèl presye sa yo pa janm fèmen. An nou fè yon ti antre ladan pou nou gade... mezanmi a la bel ! Andedan Paradi sa pi bel toujou. Tout lavil la fèt ak lò ki tou pi et ki klere tankou vè kristal. A ta lari yo fèt ak lò.




12

Yon mayifik larivyè dlo klè ki bay lavi, ap koule soti anba fotèy twòn Bonbye ak Jezi. sou chak arebò larivyè sa ansanm ak nan mitan plas lavil la, gen yon kalite pyebwa ki bay lavi. Pye bwa sa donnen douz fwa pa ane kidonk li bay fwi chak mwa. Tout fèy pye bwa sa a bon pou gueri tout kalite maladi nan tout nasyon.




13

Wayòm sa pa bezwen ni solèy ni lalin pou klere-l paske limyè glwa Bondye kouvri tout wayòm nan e lanwit pap janm ekziste ladan-l.



14

A ta bèt ki nan wayòm sa ap diferan. Yo tout ap dou, mouton ansanm ak gwo lou yo pral manje kòt a kòt. A ta gwo lyon yo pral manje zèb tankou bèf yo. Bondye di konsa: "yo pap fè mal ankò e yo pap detwi montay sakre-a".



15

Si nou gade byen, nou wè gen kèlke bagay ki pa ekziste nan wayòm sa. Nou pap janm tande pawòl ki sal, ki mechan. Pap janm gen goumen ak moun egoyis ladan-l. Pap janm gen kle nan pòt, paske pap janm gen vòlè.



16

Pap janm ekziste moun kap bay manti, kap touye, kap fè move zak, kap sèvi lwa, pèsonn pap janm fè peche.



17

Nan wayòm Bondye-a pap janm gen chagren ak dlo nan je. Anpil fwa, pitit Bondye sou tè-a gen dlo nan je paske pwoblèm ap toumanje lavi yo. Men nan syèl la Bondye ap seche tout dlo nan je.



18